

**MODUL PEMBELAJARAN**  
**MATA PELAJARAN BAHASA JAWA KELAS 8**

**MATERI :**

**LAYANG**



**OLEH:**

**NINA. HANDAYANI, S.S**

**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA**

**MADRASAH TSANAWIYAH KHADIJAH**

**JUNI 2021**

## **KATA PENGANTAR**

Dengan puji syukur kehadiran Tuhan Yang Maha Esa atas segala limpahan rahmatNya dan ridhoNya semata kami dapat menyelesaikan penyusunan modul Bahasa Jawa MTs Khadijah kelas 8 semester genap.

Modul ini disusun sebagai bahan ajar dalam proses belajar di sekolah, yang di dalamnya berisi tentang penulisan surat atau layang. Disamping itu struktur pembelajaran dalam modul beratkan pada keaktifan siswa dalam menggunakan kemampuan logika, penalaran serta pengalaman siswa dalam kehidupan sehari-hari setiap materi yang diajarkan. Bahkan di beberapa sub pokok-pokok bahasan penulis menyertakan Lembar Kegiatan Siswa berupa tugas dan latihan. Lembar Kegiatan Siswa tersebut dapat dilakukan secara individual maupun dengan teman, saudara, orang tua, guru, atau siapa saja yang dianggap mampu.

Untuk mengetahui kemampuan siswa dalam memahami suatu materi, diberikan evaluasi pada tiap akhir beberapa sub pokok bahasan.

Penulis menyadari bahwa dalam hal penerapannya sedikit banyak terdapat kendala, oleh karena itu kami mengharapkan peran aktif dan koreksi dari rekan-rekan guru, orang tua, atau siapa saja yang sudah membaca modul ini. Agar modul ini lebih bermanfaat lagi bagi siswa, maka diharapkan siswa lebih aktif untuk menguasai setiap materi yang diajarkan dan menjawab sendiri setiap soal-soal yang ada dalam modul ini.

Penulis berharap kiranya modul ini dapat bermanfaat sebagai pegangan dalam proses pembelajaran Bahasa Jawa sehingga meningkatkan kemampuan siswa.

Kritik dan saran dari rekan-rekan guru dan pendidik di sekolah senantiasa kami nantikan demi kesempurnaan modul ini.

Malang, Juni 2021

Penulis

## DAFTAR ISI

Halaman Judul.....	1
Halaman Kata Pengantar.....	2
Halaman Daftar Isi.....	3
BAB I Pendahuluan.....	
A. Latar Belakang.....	4
B. Deskripsi Singkat.....	4-5
C. Tujuan pembelajaran.....	5
D. Materi Pokok dan Sub Materi Pokok.....	5-6
E. Petunjuk Penggunaan Modul.....	6
BAB II MATERI POKOK	
A. Indikator Keberhasilan.....	7
B. Uraian materi.....	7-12
C. Latihan.....	12-18
D. Rangkuman.....	19-23
E. Evaluasi Materi Pokok 1.....	23
F. Umpan Balik dan Tindak Lanjut.....	24
BAB III , IV...dst sesuai materi pokok yang diajarkan	
BAB VII Penutup.....	
A. Evaluasi Kegiatan Belajar.....	25
B. Umpan Balik.....	26
C. Tindak Lanjut.....	26
Kunci Jawaban.....	26
Daftar Pustaka.....	27
Glossarium.....	28

## **PENDAHULUAN**

### **A. LATAR BELAKANG**

Pendidikan merupakan salah satu faktor dan merupakan bagian penting dalam kehidupan manusia menjalani kehidupan. Pendidikan juga merupakan aspek utama dalam menciptakan sumber daya manusia yang berkualitas, seperti tujuan pendidikan itu sendiri yaitu untuk mengubah tingkah laku dan menambah pengetahuan untuk menjadikan kehidupan menjadi lebih baik, baik dalam kehidupan individu itu sendiri, bangsa maupun negara.

Modul ini disiapkan untuk mendukung kebijaksanaan KTSP 2013. Sejalan dengan Peraturan Menteri Pendidikan No . 64 Tahun 2013, yang membahas bab Standar Kompetensi Lulusan (SKL), memberi amanat bahwa modul pembelajaran harus menggunakan acuan yang sudah disusun oleh Badan Nasional Standar Pendidikan (BSNP). Adanya Permendikbud No. 71 Tahun 2013 yang membahas Buku Teks Pembelajaran dan Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah, juga memberikan amanat jika Buku Teks Pelajaran atau pun Modul yang digunakan di dalam pelajaran harus disusun berdasarkan KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Modul ini disusun berdasarkan hasil analisis UKG dan digradasikan menjadi sepuluh grade (grade 1-10) berdasarkan pemetaan standar kompetensi guru (SKG) yang tertuang dalam Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru. Modul ini diharapkan dapat memenuhi kebutuhan guru sesuai dengan hasil UKG-nya melalui diklat tatap muka maupun online

Modul Guru Pembelajar ini disusun berdasarkan hasil analisis UKG dan digradasikan menjadi sepuluh grade (grade 1-10) berdasarkan pemetaan standar kompetensi guru (SKG) yang tertuang dalam Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru. Modul ini diharapkan dapat memenuhi kebutuhan guru sesuai dengan hasil UKG-nya melalui diklat tatap muka maupun online.

### **B. DESKRIPSI SINGKAT**

Pada modul lima ini berisi dua kegiatan. Pada kegiatan 1 berisi tentang tata cara penulisan surat pribadi beserta contoh- contohnya. Sedangkan pada kegiatan 2 berisi tentang surat resmi atau surat dinas.

Kompetensi yang diharapkan adalah siswa mampu menulis dan membedakan antara surat resmi dan surat pribadi. Sehingga siswa bisa menerapkannya dalam kehidupan sehari- hari sebagai mana yang dijelaskan lebih lanjut sebagai berikut :

1. Memahami struktur teks , unsur kebahasaan dalam berbagai jenis surat pribadi dan surat resmi atau surat dinas.
2. Menulis berbagai jenis surat pribadi dan surat resmi atau surat dinas sesuai dengan kaidah dan konteks.
3. Membedakan antara surat pribadi dan surat resmi atau surat dinas

### **C. TUJUAN PEMBELAJARAN**

1. Peserta didik menggunakan Bahasa Jawa untuk memahami informasi secara lisan dan tulis sebagai bentuk dari rasa menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Jawa sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa
2. Peserta didik menunjukkan perilaku kreatif dalam berbahasa daerah berdasarkan hasil observasi.
3. Peserta didik dapat mengidentifikasi berbagai jenis surat.
4. Peserta didik dapat menjelaskan unsur kebahasaan ( bahasa baku penulisan surat dan unggah unggah basa )
5. Peserta didik dapat menjelaskan struktur teks surat pribadi
6. Peserta didik dapat menjelaskan struktur teks surat resmi atau surat dinas
7. Peserta didik dapat menjelaskan kaidah penulisan surat pribadi
8. Peserta didik dapat menjelaskan kaidah penulisan surat resmi atau surat dinas
9. Peserta didik dapat menuliskan contoh surat pribadi dan surat resmi atau surat dinas.


### **D. MATERI POKOK DAN SUB MATERI POKOK**

Kemajuan kawruh ing babagan teknologi informasi lan komunikasi, ing jaman saiki ndadekake kaya- kaya layang (suerat) wis arang banget digawe. Awit ana piranti elektronik kang bisa ngirim kabar luwih cepet, kayata liwat SMS, *e-mail*, telepon,, telegram, lan sapiturute. Ananguga rinasa kuranging ing babagan tartamtu, layang ora bisa diganti kanthi piranti- piranti elektronik ing dhuwur. Ing swasana, kahanan, lan kapreluan tartamtu, layang isih tetep digunakake. Tuladhane ing kantor- kantor kang swasanane resmi (kedinasan) tetep mbutuhake layang kanggo sarana komunikasi. Nalika pimpinan (atasan) arep ngandharake babagan kawicaksanaan perusahaan (lembaga), mesndhuh mantu, thi kawedharake liwat layang (surat) kang katujokake marang para pegawe utawa karyawan/ karyawatine, yaiku kanthi layang dhawuh (surat perintah) , layang kekancingan (surat keputusan), layang kitir (surat memo), lan sapanunggalane.

Ing swasana tartamtu uga rinasa kurang tata krama (kurang sopan), menawa ngaturi undhangan slametan, pahargyan, utawa kagungan gawe (hajatan) kayata mantu, ngundhuh mantu, khitanan, lan sapiturute liwat tilpun utawa SMS. Ngaturi rawuh marang para tamu kasebut luwih sopan manawa tinulis liwat layang ulem (surat undhangan). Mulane samaju- majune jaman, layang utawa surat tetep

dibutuhake ing urip bebrayan. Ing modul iki bakal dirembug maneh warna layang miturut jinis, isi, lan kagunane ing urip bebrayan.

**E. PETUNJUK PENGGUNAAN MODUL**



## **BAB II Materi Pokok 1**

### **Struktur Teks Dan Unsur Kebahasaan Layang.**

#### **A. INDIKATOR KEBERHASILAN**

Setelah memahami struktur teks dan unsur kebahasaan dalam menulis berbagai jenis surat/layang, siswa bisa mengidentifikasi berbagai jenis surat/layang, menyebutkan bagian – bagian surat/layang, serta menunjukkan kaidah penulisan surat/layang.

#### **B. URAIAN MATERI**

##### **LAYANG ( surat )**

#### **Kegiatan 1 : Layang Pribadi**

Layang iku salah sijine alat/piranti kanggo ngungkapake kekeparepan ati kanthi cara ditulis. Nalika arep nulis layang bab-bab wigati sing kudu digatekake yaiku:

1. Panulisan jeneng kang dituju kudune genep. Yen perlu katulis lengkap pangkat/kalungguhane.
2. Panulise alamat/papan sing arep dikirim kudu cetha lan jangkep. (prayogane kudu ditulis kode pose)

Miturut wujud layang iku ana 6 yaiku:

1. Layang kitir
2. Layang paturan
3. Layang dhawuh
4. Layang lelayu
5. Layang kiriman ganep/iber-iber
6. Layang ulem

#### **1. Layang Kitir**

Layang kang isine cekak/ ringkes lan ditulis ing dluwang lan kudu dingerteni. Layang iki kaya dene memorandem ( kanggo pangeling- eling ). Layang iki katulis ana ing dluwang, bisa awujud lembaran kertas cilik. Layang kitir iki ora merlokake purwaka basa lan wasana basa, dadi mung isi wae.

Isine kang wigati dadi mbutuhake wektu kang cepet dikirim lan ditampa. Layang kitir iki bisa tanpa amplop ( mbukak ) utawa nganggo amplop ( nutup ). Tuladhane layang kitir yaiku : nota, resep dokter.

#### **2. Layang Paturan**

Yaiku layang kang isine awèh weruh utawa ngabari samubarang liyan, lan isine kudu dingerteni wong akeh.

#### **3. Layang Dhawuh**

Layang kang isine dhawuhe wong dhuwuran marang andhahane ( saka wong sing pangkate dhuwur marang ngisorane ).

#### **4. Layang Lelayu**

Yaiku layang kang isine menahi kabar kasusahan utawa layange wong sing ngabari bab kepaten utawa kasripahan.

### **5. Layang Kiriman Ganep/ Iber- iber**

Yaiku layang kang isine ganep ora mung mligi sawijine bab, nanging jangkep ( wiwit saka pambuka, isi, panutup, lan paprenah ). Isine uga nerangake warna- warna ya bab kahanane, suka susahe, kasarasan, lsp.

### **6. Layang Ulem**

Yaiku layang kang isine undhangan pawongan kang lagi duwe gawe ( mantu, sunatan, lan liya- liyane.

#### **Bab- bab kang wigati nalika nulis layang kudu nggatekake :**

- 1.Panulise jeneng kang dituju kudu genep lan jelas.
- 2.Panulise papan/ alamat dununge sing arep dikirimi layang uga kudu jelas/ cetha lan jangkep (yen perlu diwenahi kode pos ).
- 3.Asal panggonan lan tanggal. Ditulis ing pucuk dhuwur sisih tengen. Nerangake saka ngendi lan kapan layang kuwi digawe.  
Tuladha : Malang tanggal 21 Maret 2010
- 4.Panulise paprenah lan tembung tandha pakurmatan kudu bener manut pranatan sing lumaku.
- 5.Dluwang/ kertas, amplop, lan mangsi milih sing jelas ( aja sembarangan ).

#### **Urut- urutane nalika nulis layang yaiku :**

##### **1. Titi mangsa/ papan**

Yaiku perangan layang sing mratelakake ing ngendi lan kapan layang kasebut ditulis/ digawe. Papan panggonan nulis. Titi mangsa bisa katulis ana ing pojok tengen dhuwur uga bisa ing ngisor pojok tengen sadhuwure peprenah.

Tuladha : (1) Pojok tengen dhuwur                      Malang, 12 Nopember 2010  
(2) Pojok tengen ngisor                              Surabaya, 21 Maret 2010

##### **2. Adangiyah / adawiyah**

Yaiku perangan layang kang mratelakake marang sapa layang ditujokake utawa isi tujuan layang kang ditulis/ dikirimake.

Upamane : Katur Bapak saha Ibu ing ndalem

Marang kancaku sing dak tresnani, lsp.

Biasane ditulis ing njabane amplop, uga sajroning layang ditulis maneh.

##### **3. Satata basa**

Yaiku perangan layang kang mratelakake pandonga, pamuji, pakurmatan, kanggo sing dikirimi layang. Kayata :

- a. Inggang sembah sungkem ( kanggo simbah )
- b. Inggang sembah pangabekti ( kanggo wong tuwa/ guru )



- c. Inggang taklim ( kanggo sapada- pada )
- d. Salam taklim ( kanggo paprenah luwih enom )
- e. Kang pamuji slamet ( kanggo anak/ putu )

**4. Purwaka basa/ pambuka**

Yaiku perangan layang kang mratelakake isi kabar kaslametan utawa perangan sadurunge isine layang, biasane isi atur pambagya, wilujeng.

Tuladha : Sareng serat punika kula ngaturi pirsu bilih kula tansah ginanjar wilujeng pinayungan Gusti kang murbeng Dumadi. Mugi bapak saha ibu ugi makaten. Amin.

**5. Surasa basa/ isi layang**

Yaiku perangan layang kang mratelakake isine layang utawa kang dadi wigatining layang.

Tuladha : Kajawi punika kula badhe matur, sekedhap malih kula badhe UAS ( ulangan akhir semester ) ingkang badhe kalaksanaaken tanggal 10 ngantos 15 Desember 2010

**6. Wasana basa/ panutup**

Yaiku perangan layang kang wujud ukara utawa pungkasanling layang kang isine nyuwun pangapura uga nyuwun balesan.

Tuladha : Cekap semanten atur kula, bilih wonten atur kirang mrayogani penggalih kula nyuwun agunge samudra pangaksami ....

**7. Paprenah**

Yaiku perangan layang kang mratelakake sapa utawa kaprenah apa kang gawe layang utawa sesambungane antaraning sing kirim layang lan sing dikirimi layang.

**8. Tandha tangan/ tapak asta lan asma panyerat**

Yaiku perangan kang nyetakake tapak asta sing kirim layang lan ditulis jenenge kanthi lengkap.

**TULADHA LAYANG**

**1. Layang Kitir**

Katur

Mbak Endri

Ing ndalem

Mbak, pangapunten aku sore iki durung bisa mbalekake buku amarga awakku lagi lungkrah amarga mau kudanan. Insya Allah sesuk awan tak ampirke.

Malang, 20 Nopember 2010

Anggraini

**2. Layang Iber- iber/ kiriman/ ganep**

*a. Layang iber- iber ibu marang anak*

Marang anakku

Rimardhani

Ing sekolah.

Assalammualaikum Wr. Wb.

Kahanane ibu, bapak, lan kaluwarga ing omah Kediri tansah apik- apik uga sehat, semono uga tak jaluk kowe tetep sehat- sehat.

Ngenani suratmu wis dak tanpa wingi sore ibu wis transfer Rp.175.000 kanggo mbayar kegiatanmu lan kanggo tambahan sangu mulih. Ibu mung pesen mengko yen wis rampung kegiatanmu banjur prei sekolah kowe enggal balia amarga bapak ibu lan kaluarga ing Kediri wis padha kangen. Lan ati- ati aja sembrana.

Dak kira cukup semene suratku, sawise nampa surat muga- muga kowe enggal bali.

Wassalammualaikum Wr. Wb.

Kediri, 14 Desember 2010

Ibumu

Wuryaningtyas

*b. Layang kanggo wong tuwa*

( 1 ) Malang, 15 Nopember 2010

( 2 ) Katur dumateng

Bapak saha Ibu

Ing ndalem

( 3 ) Sembah Pangabekti,

Assalammualaikum Wr. Wb.

( 4 ) Kanthi serat punika kula ngaturi pirsu bilih kawontenan kula ing Malang tansah pinaringan rahayu wilujeng ing pangayomanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos. Inggang kula suwun mugi- mugi kawontenan bapak dalah ibu saha kaluwarga ing Kediri semanten ugi.

( 5 ) Sesarengan serat punika kula badhe matur bilih sekedhap malih wulan Desember tanggal 10 ngantos 15 punika UAS ( Ulangan Akhir Semester ). Kaleresan mangke bibar UAS kula sakanca kelas 8 badhe wonten kegiatan **Out Bond** dhateng Batu kalih dinten. Menawi sampun wonten rejeki kula nyuwun arta kangge bayar kaliyan foto copi latihan soal Rp. 150.000  
Kersaa ibu mangke **transfer** saderengipun tanggal 5 Desember.

( 6 ) Wusana cekap semanten atur kula, mboten kesupen kula nyuwun pangestunipun badhe UAS , bilih wonteirang langkungipun atur, kula nyuwun lumururing sih samudra pangaksami.

Wassalammualaikum Wr. Wb.

( 7 ) Putra tuhu

ttd

( 8 ) Rimardhani

### **3. Layang Ulem**

Assalammualaikum Wr. Wb.

Nuwun hawiyosipun serat punika sesulihing badan kawula sowan ing ngarsa panjenengan sekaliyan. Mbok bilih Gusti Allah angganjar wilujeng ing samudayanipun, kita badhe gadhah niat nikahaken yoga kita ingkang nami

***SANTI PUTRI PRATIWI***

( Putrinipun bapak lan ibu Warsito )

Pikantuk

***ADITYA PUTRA PRATAMA***

( Putranipun bapak lan ibu Boediarto )

Ugi hangajab rawuhipun para bapak- ibu, Hangestreni hajat nikah ingkang badhe kawontenan mbenjang :

Dinten/ titi mangsa : Sabtu Pahing, 21 Januari 2010

Wekdal : Tabuh, 11.00 – 14.00

Panggenan : Wisma Mukti Wibawa

Jl. Kartini 38 Malang

Bok menawi panjenengan sekalian dhangan ing penggalih sarta mboten wonten alangan satunggal punapa, kita aturi anyekseni lan ngrawuhi kajat lan niat kita. Awit saking rawuhipun bapak – ibu, keparenga kita ngaturaken gunging panuwun

Cekap semanten atur serat ulem punika.

Wassalammualaikum Wr. Wb.

Malang, 10 Januari 2010

Warsito sakaluarga

**4. Layang Lelayu/ pawarta pepati**

**LELAYU**

Sampun katimbangan ing pangayunaning Gusti ingkang Maha Kuwaos, rikala dinten Kamis legi, surya kaping 3 Nopember 2010 ing RSSA Malang, wekdal tabuh 05.00 Ibu, eyang kinasih :

***Ibu Harmini***

( Yuswa 85 tahun )

Layon kasarekaken wonten pasarean Kembang Setaman Malang dinten Kamis Legi, Surya kaping 3 Nopember 2010 wekdal tabuh 15.00. Mugi pisowanipun tinampi ing Gusti saha piningan panggenan ingkang mulya.

Inkang tinalar : -Harminto

-Hariani

-Putra Wayah

**C. LATIHAN (UJI KOMPETENSI)**

**A. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi bener!**

1. Ing tuladha layang kitir, sapa sing kirim layang?

.....

2. Apa isine layang kitir kang ditrima Mbak Endri?

.....

3. Ing titikane nulis layang, apa sing diarani Surasa Basa?

.....

4. Ing perangan layang, wong sing kirim layang iku diarani apa?

.....

5. Ing perangan layang apa sing diarani Satata Basa?

.....

6. Jelasna apa sing diarani layang lelayu iku !

.....

7. Jelasna apa sing diarani layang iber- iber iku !

.....

.....

8. Gawe tuladha ukarane layang iber- iber ing perangan purwaka basa !

.....

.....

9. Gawe tuladha ukarane layang iber- iber ing perangan Adangiyah/ adawiyah!

.....

10. Apa surasane layang iber- iber kang dikirimake Rimardhani marang wong tuwane?

.....

### **B. Gladhen**

1. Gawe tuladha layang kitir / memo / resep dokter.
2. Gawe tuladha layang iber- iber marang mbakyumu.
3. Gawe layang kiriman/ iber- iber marang wong tuwamu ( ibu apa bapak ) migunakake unggah  
    ungguh basa sing bener.
4. Gawe layang iber- iber marang kancamu sing omahe sajabane kutha isine yen preian seko –  
    lah arep dolan menyang omahe.
5. Gawe tuladha layang lelayu.

### **Papan kanggo nggarap**

#### **Tugas 1.**

Coba wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki....

1. Apa sing kok ngerteni ngenani layang iku?
2. Apa wae jenise layang iku?
3. Apa wae sing kudu kok gatekake nalika arep nulis layang?
4. Kepriye urutan-urutanane nalika kowe nulis layang?
5. Apa kowe wis tau nulis layang, lan kanggo sapa layang iku?

#### **Tugas 2**

Ngenali teks layang pribadi

Wacanen teks layang iki kanthi titi!

Layang iki katulis ing Surabaya tgl 25 September 2014, katur dhumateng Bapak saha Ibu ing dalem. Sembah pangabekti saking putra, kanthi serat punika kula ngaturi pirsu bilih kawontenan kula ing Surabaya tansah pinaringan rahayu wilujeng ing pangayomaning Gusti ingkang maha agung. Inggang dalem suwun mug-mugi kawontenan Bapak Ibu aha kaluwarga ing Kediri ugi makaten. Kejawi ingkang kasebut kalawau kang putra ngaturi bilih benjang wekdal liburan semester gasal ing

wulan Januari kang putra wonten kegiatan studi tour dhateng pulau Bali. Pramila saking punika kang putra nyuwun kintunan arta kangge mbayar kekurangan studi tour ingkang kathahipun Rp. 400 000. Ugi mboten kesupen nyuwun doanganipun Bapak Ibu , amargi wulan Desember mangke kang putra badhe nindakaken ujian semester gasal. Lajeng saksampunipun studi tour saking pulau Bali mangke kang putra nembe saget wangsul dhateng Kediri. Wasana cekap semanten atur kula, mbok bilih wonten kirang lan langkungipun atur kang putra nyuwun lumunturing sih samudra pangaksami. Kang putra tuhu tresna Natasya Maulida.

### Tugas 3

Saka teks layang ing nduwur, gawenen struktur panulise layang sing bener.

### Tugas 4

Urutna kanthi bener layang iber-iber anak marang wong tuwa ing ngisor iki !

No	
	<p>Sesarengan serat punika kula badhe matur bilih sekedap malih wulan Deember, tgl 10 ngatos 15 punika UAS. Keleresan mangke bibar uas kula sakanca kelas 8 badhe wonten kegiatan outbond dhateng Batu kalih dinten. Menawi sampun wonten rejeki kula nyuwun arta kangge mbayar kaliyan fotocopy latihan soal Rp. 100 000,- kersa Ibu mangke transfer saderengipun tgl 5 Desember.</p>
.	<p>Kanthi serat punika kula ngaturi pirsaa bilih kawontenan kula ing Malang, tansah pinaringan rahayu wilujenging pangayomanipun Gusti ingkang maha kuwaos. Inggang kula suwun mugi-mugi kawontenan Bapak dalah Ibu saha kaluwarga ing Kediri semanten ugi.</p>
	<p>Wusana cekap semanten atur kula, mboten kesupe kula nyuwun pangestunipun badhe UAS bilih wonten kirang langkungipun atur, kula nyuwun lumunturing sih samudra pangaksami. Wasalamualaikum wr.wb</p>
	<p>Katur dumateng Bapak saha Ibu Ing dalem</p>
	<p>Sembah pangakbektu, Assalamualaikum wr.wb</p>
	<p>:Rimardhani</p>
	<p>Putra tuhu,</p>

	Ttd
	Malang, 15 Nopember 2014

.....

.....

.....

## Kegiatan 2 : Layang Resmi

### Mengenal Teks Diskripsi

1. Apa kang dadi aran wujud layang resmi
  - Layang dhawuh
2. Apa kang dadi pangertene layang resmi
  - Layang kang isine dhawuhe dhuwuran marang andhahane (saka wong sing pangkat marang ngisorane)
3. Apa wae sing kudu digatekake nalika nulis layang resmi
  - Penulian jeneng kang dituju kudu bener lan genep
  - Penulisan alamat kang dituju kudu jelas, cetha lan genep (mligi)
  - Asal panggonan surat ditulis jelas, tanggal penulisan jelas, panggonan lan tanggal ditulis ing sisnih pucuk tengen layang.
  - Penulisan paprenah lan tandha pakurmatan kudu bener manut pranata sing lumaku
  - Dluwang, amplop milih sing apik lan mangsi kudu jelas nalika gawe nulis
4. Basa apa kang digawe panulisane layang resmi
  - Basa kang miturut satata basalan pranatan sing lumaku
5. Perangane layang resmi
 

Perangan ( bageyan ) layang resmi :

  1. Kop layang ( *kepala surat* )
  2. Titi mangsa
  3. Nomer surat ( *lampiran, perihal* )
  4. Adangiyah
  5. Salam pambuka
  6. Pambuka/ Purwaka
  7. Surasa basa
  8. Wasana basa
  9. Peprenah
  10. Tapak asma lan asma terang

### **Bab- bab kang kudu digatekake nalika nulis layang resmi, yaiku :**

1. Kop layang ( *kepala surat* ) gunane minangka *identitas* saka instansi.
2. Titi mangsa gunane kanggo

### **Gatekna tuladha layang resmi ing ngisor iki !**

DINAS PENDIDIKAN  
PEMERINTAH KABUPATEN TULUNGAGUNG

Jl.Panglima Imam Bonjol No. 34, Telp. (0355) 849522 Tulungagung

Nomer : 707/ 176/ 142.423/ 2014 Tulungagung, 2 Oktober 2014  
Lampiran : -  
Hal : Pariwisata

Inggang kinurmatan Bapak/ Ibu Kepala SMP Kab. Tulungagung  
Ing Tulungagung

Assalamu'alaikum wr.wb,

Paring uninga bilih kagem mengeti dinten pahlawan, Dinas Pendidikan Kabupaten Tulungagung ngawontenaken lomba pidhato antar sekolah kanthi tema Perjuwangan Pahlawan.

Pramila saking punika kaaturaken dhumateng Bapak/ Ibu Kepala Sekolah supados paring wara- wara dhumateng para siswanipun. Lomba pidhato badhe katindakaken,

Dinten/ tanggal : Senin, 03 November 2014

Jam : 08.30 WIB

Papan panggenan : Pendhopo Kabupaten Tulungagung

Mekaten pariwisata inggang saged kaaturaken, dhumateng kawigatosanipun kaaturaken matur sembah nuwun.

Wassalamu'alaikum wr.wb.

Kepala Dinas Pendidikan  
Kabupaten Tulungagung,

Drs. Ridwan Baskara, M.Hum.  
NIP. 19700507 199504 1 042

**TUGAS PRIBADI :**

Sawise nggatekake tuladha layang resmi kasebut, banjur golekana perangan/ bageyan- bageyan saka layang resmi kasebut.

NO	PERANGAN LAYANG	ISINE
1	Kop layang ( <i>kepala surat</i> )	



2	Titi mangsa	
3	Nomer surat ( <i>lampiran, hal</i> )	Tulungagung, 2 Oktober 2014
4	Adangiyah	
5	Salam pambuka	
6	Pambuka	
7	Surasa basa	
8	Wasana basa	
9	Peprenah	
10	Tapak asma lan asma terang	

**Tuladha layang resmi sing liyane :**

**LAYANG DINES**

**Nomor : 330 / U N 32. 20. 8 / KP / 2014**

Kepala MTs Khadijah Malang, menehi tugas :

1. Nina Handayani, S.S                      Guru Bahasa Daerah

Supaya ndampingi siswa- siswi ing ngisor iki :

1. Farchana                                      kelas 8 D
2. Desyaurel                                    kelas 8A
3. Naura                                         kelas 8E

Kanggo melu lomba sastra jawa kang dilaksanakake ing :

Dina    : Sabtu  
Tanggal    : 4 Nopember 2020  
Wektu    : 08.00 – rampung  
Panggonan                                        : SMP Negeri 12 Malang  
    Jl. S. Supriyadi Malang

Layang dines iki digawe supaya bisa dilaksanakake kanthi becik

Malang, 1 Nopember 2014

Kepala MTs Khadijah,

Eko wardoyo, S.Pd

**TUGAS PRIBADI :**

1. Gawea  
layang resmi kang isine pariwisata manawa bakal diadhakake lomba baris kreasi antar sekolah kanggo mengeti dinten Pahlawan.
2. Sawise  
nggawe layang resmi, banjur diskusekno karo kanca sakelas kanthi dibimbing dening bapak/ ibu gurumu.
3. Manawa wis  
rampung anggonmu diskusi, yen ana sing kleru ing garapanmu banjur benerna lan garapan sing wis bener kuwi bisa kokpajang ng *majalah dinding* kelas.

**Papan kanggo nggarap:**

.....  
.....  
.....  
.....

## **D. RANGKUMAN (RINGKESAN MATERI)**

### **I. LAYANG PRIBADI :**

#### ***1. Layang Kitir***

Katur

Mbak Endri

Ing ndalem

Mbak, pangapunten aku sore iki durung bisa mbalekake buku amarga awakku lagi lungkrah amarga mau kudanan. Insya Allah sesuk awan tak ampirke.

Malang, 20 Nopember 2010

Anggraini

#### ***2. Layang Iber- iber/ kiriman/ ganep***

##### ***Layang iber- iber ibu marang anak***

Kediri, 14 Desember 2010

Marang anakku

Rimardhani

Ing sekolah.

Assalammualaikum Wr. Wb.

Kahanane ibu, bapak, lan kaluwarga ing omah Kediri tansah apik- apik uga sehat, semono uga tak jaluk kowe tetep sehat- sehat.

Ngenani suratmu wis dak tanpa wingi sore ibu wis transfer Rp.175.000 kanggo mbayar kegiatanmu lan kanggo tambahan sangu mulih. Ibu mung pesen mengko yen wis rampung kegiatanmu banjur prei sekolah kowe enggal balia amarga bapak ibu lan kaluarga ing Kediri wis padha kangen. Lan ati- ati aja sembrana.

Dak kira cukup semene suratku, sawise nampa surat muga- muga kowe enggal bali.

Wassalammualaikum Wr. Wb.

Ibumu

Wuryaningtyas

*Layang kanggo wong tuwa*

( 1 ) Malang, 15 Nopember 2010

( 2 ) Katur dumateng

Bapak saha Ibu

Ing ndalem

( 3 ) Sembah Pangabekti,

Assalammualaikum Wr. Wb.

( 4 ) Kanthi serat punika kula ngaturi pirsu bilih kawontenan kula ing Malang tansah pinaringan rahayu wilujeng ing pangayomanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos. Inggang kula suwun mugu- mugu kawontenan bapak dalah ibu saha kaluwarga ing Kediri semanten ugi.

( 5 ) Sesarengan serat punika kula badhe matur bilih sekedhap malih wulan Desember tanggal 10 ngantos 15 punika UAS ( Ulangan Akhir Semester ). Kaleresan mangke bibar UAS kula sakanca kelas 8 badhe wonten kegiatan **Out Bond** dhateng Batu kalih dinten. Menawi sampun wonten rejeki kula nyuwun arta kangge bayar kaliyan foto copi latihan soal Rp.150.000. Kersaa ibu mangke **transfer** saderengipun tanggal 5 Desember.

( 6 ) Wusana cekap semanten atur kula, mboten kesupen kula nyuwun pangestunipun badhe UAS , bilih wonteirang langkungipun atur, kula nyuwun lumururing sih samudra pangaksami.

Wassalammualaikum Wr. Wb.

( 7 ) Putra tuhu

ttd

( 8 ) Rimardhani

*3. Layang Ulem*

Assalammualaikum Wr. Wb.

Nuwun hawiyosipun serat punika sesulihing badan kawula sowan ing ngarsa panjenengan sekaliyan. Mbok bilih Gusti Allah angganjar wilujeng ing samudayanipun, kita badhe gadhah niat nikahaken yoga kita ingkang nami

**SANTI PUTRI PRATIWI**

(Putrinipun bapak lan ibu Warsito )

Pikantuk

**ADITYA PUTRA PRATAMA**

( Putranipun bapak lan ibu Boediarto )

Ugi hangajab rawuhipun para bapak- ibu, Hangestreni hajat nikah ingkang badhe kawontenan mbenjang :

Dinten/ titi mangsa : Sabtu Pahing, 21 Januari 2010

Wekdal : Tabuh, 11.00 – 14.00

Panggenan : Wisma Mukti Wibawa  
Jl. Kartini 38 Malang

Bok menawi panjenengan sekalian dhangsan ing penggalih sarta mboten wonten alangan satunggal punapa, kita aturi anyekseni lan ngrawuhi kajat lan niat kita. Awit saking rawuhipun bapak – ibu, keparenga kita ngaturaken gunging panuwun

Cekap semanten atur serat ulem punika.

Wassalammualaikum Wr. Wb.

Malang, 10 Januari 2010

Warsito sakaluarga

#### **4. *Layang Lelayu/ pawarta pepati***

##### **LELAYU**

Sampun katimbangan ing pangayunaning Gusti ingkang Maha Kuwaos, rikala dinten Kamis legi, surya kaping 3 Nopember 2010 ing RSSA Malang, wekdal tabuh 05.00 Ibu, eyang kinasih :

##### ***Ibu Harmini***

( Yuswa 85 tahun )

Layon kasarekaken wonten pasarean Kembang Setaman Malang dinten Kamis Legi, Surya kaping 3 Nopember 2010 wekdal tabuh 15.00. Mugi pisowanipun tinampi ing Gusti saha piningan panggenan ingkang mulya.

Inkang tinalar : -Harminto

- Hariani

-Putra Wayah

#### **5. *Layang Paturan***

Kagem Para Maos

Kanggo ngrengsengake kagiyatan maca lan nulis karya sastra Jawa, kalawarti *Panyebar Semangat* ngadani lomba ngarang esai utawa kritik sastra cerkak. Sing dadi sorotan kritik yaiku cerkak sing gegayutan karo perjuwangane para pahlawan sing dipacak ing *Panyebar Semangat* edisi Minggu I nganti IV wulan November 2014. Naskah esai/ kritik sastra cerkak ditunggu ing meja redhaksi paling keru tanggal

2 Januari 2015. Pemenang bakal dibiwarakake ing kalawarti *Panyebar Semangat* kang kapacak edisi Minggu III Januari 2015.

Nuwun

Panitia Lomba

## II. LAYANG RESMI/ DINES :

Perangane layang resmi

Perangan ( bageyan ) layang resmi :

- |  |                                |
|--|--------------------------------|
| 11. Kop layang ( <i>kepala surat</i> )       | 6. Pambuka/ Purwaka            |
| 12. Titi mangsa                              | 7. Surasa basa                 |
| 13. Nomer surat ( <i>lampiran, perihal</i> ) | 8. Wasana basa                 |
| 14. Adangiyah                                | 9. Peprenah                    |
| 15. Salam pambuka                            | 10. Tapak asma lan asma terang |

**Bab- bab kang kudu digatekake nalika nulis layang resmi, yaiku :**

3. Kop layang ( *kepala surat* ) gunane minangka *identitas* saka instansi.
4. Titi mangsa gunane kanggo

**Gatekna tuladha layang resmi ing ngisor iki !**

DINAS PENDIDIKAN

PEMERINTAH KABUPATEN TULUNGAGUNG

---

Jl.Panglima Imam Bonjol No. 34, Telp. (0355) 849522 Tulungagung

Nomer : 707/ 176/ 142.423/ 2014

Tulungagung, 2 Oktober 2014

Lampiran : -

Hal : Pariwara

Ingkang kinurmatan Bapak/ Ibu Kepala SMP Kab. Tulungagung

Ing Tulungagung

Assalamu'alaikum wr.wb,

Paring uninga bilih kagem mengeti dinten pahlawan, Dinas Pendidikan Kabupaten Tulungagung ngawontenaken lomba pidhato antar sekolah kanthi tema Perjuwangan Pahlawan.

Pramila saking punika kaaturaken dhumateng Bapak/ Ibu Kepala Sekolah supados paring wara- wara dhumateng para siswanipun. Lomba pidhato badhe katindakaken,

Dinten/ tanggal : Senin, 03 November 2014

Jam : 08.30 WIB

Papan panggenan : Pendhopo Kabupaten Tulungagung

Mekaten pariwara ingkang saged kaaturaken, dhumateng kawigatosanipun  
kaaturaken matur sembah nuwun.

Wassalamu'alaikum wr.wb.

Kepala Dinas Pendidikan  
Kabupaten Tulungagung,

Drs. Ridwan Baskara, M.Hum.

NIP. 19700507 199504 1 042

### **E. EVALUASI Materi pokok 1**

#### **PILIHEN SALAH SIJINE WANGSULAN SING PALING BENER !**

1. Layang kuwi miturut wujud akeh banget, yaiku ana ....
  - A. 3
  - B. 4
  - C. 5
  - D. 6
2. Layang kang isine cekak/ ringkes lan ditulis ing dluwang lan dingerteni, diarani ....
  - A. Layang kitir
  - B. Layang ulem
  - C. Layang dhawuh
  - D. Layang lelayu
3. Layang kang isine dhawuhe wong dhuwur marang andhahan ( wong sing pangkate dhuwur marang ngisorane ), diarani ....
  - A. Layang kitir
  - B. Layang ulem
  - C. Layang dhawuh
  - D. Layang lelayu
4. Menawa layang kang isine menahi kabar kasusahan utawa layange wong sing ngabari bab kepaten utawa kasripahan, diarani ....
  - A. Layang kitir
  - B. layang ulem
  - C. Layang dhawuh
  - D. Layang lelayu
5. Bab- bab kang wigati nalika nulis layang, salah sijine yaiku ....
  - A. panulise dhuwite kudu dijelasake
  - B. panulise alamat ora mesti kudu ana
  - C. panulise jeneng kang dituju kudu jelas
  - D. panggonan lan tanggal ora ditulis
6. Urut- urutane nalika nulis layang, sawise titi mangsa, banjur ....
  - A. Adangiyah
  - B. Wasana basa
  - C. Paprenahan
  - D. Titi mangsa
7. Tandha tangan/ tapak asta lan asma panyerat kuwi ditulis sawise ....
  - A. Adangiyah
  - C. Paprenahan

- B. Wasana basa  
D. Titi mangsa
8. Kang dadi aran wujud layang resmi, yaiku ....  
A. Layang dhawuh  
C. Layang kitir  
B. Layang ulem  
D. Layang lelayu
9. Basa sing dienggo panulisane layang resmi, yaiku ....  
A. basa sing angel dingerteni  
B. basa miturut pranatan sing lumaku  
C. basa ngoko lugu menyang kanca  
D. basa ngoko lugu sing gampang
10. Perangane layang kang mratelakake isine layang utawa kang dadi wigatining layang, diarani ....  
A. Wasana basa  
C. Paprenahan  
B. Titi mangsa  
D. Surasa basa

**NILAI :**

**F. UMPAN BALIK DAN TINDAK LANJUT**

*Bagus* !siswa telah mengerjakan evaluasi materi pokok 1 yang terdapat dalam modul ini. Sekarang cocokanlah jawaban siswa dengan kunci jawaban yang terdapat dalam Bab Penutup. Jika **80 %** jawaban siswa benar, lanjutkan untuk mempelajari materi pokok berikutnya. Jika Jawaban siswa yang benar **dibawah 80 %**,maka pelajari kembali buku materi pokok 1.



### **BAB III**

### **PENUTUP**

#### **A. EVALUASI KEGIATAN BELAJAR MENGAJAR**

#### **PILIHEN SALAH SIJINE WANGSULAN SING PALING BENER !**

1. Layang kuwi miturut wujud akeh banget, yaiku ana ....
  - A. 3
  - B. 4
  - C. 5
  - D. 6
2. Layang kang isine cekak/ ringkes lan ditulis ing dluwang lan dingerteni, diarani ....
  - A. Layang kitir
  - B. Layang ulem
  - C. Layang dhawuh
  - D. Layang lelayu
3. Layang kang isine dhawuhe wong dhuwur marang andhahan ( wong sing pangkate dhuwur marang ngisorane ), diarani ....
  - A. Layang kitir
  - B. Layang ulem
  - C. Layang dhawuh
  - D. Layang lelayu
4. Menawa layang kang isine menehi kabar kasusahan utawa layange wong sing ngabari bab kepaten utawa kasripahan, diarani ....
  - A. Layang kitir
  - B. layang ulem
  - C. Layang dhawuh
  - D. Layang lelayu
5. Bab- bab kang wigati nalika nulis layang, salah sijine yaiku ....
  - A. panulise dhuwite kudu dijelasake
  - B. panulise alamat ora mesti kudu ana
  - C. panulise jeneng kang dituju kudu jelas
  - D. panggonan lan tanggal ora ditulis
6. Urut- urutane nalika nulis layang, sawise titi mangsa, banjur ....
  - A. Adangiyah
  - B. Wasana basa
  - C. Paprenahan
  - D. Titi mangsa
7. Tandha tangan/ tapak asta lan asma panyerat kuwi ditulis sawise ....
  - A. Adangiyah
  - B. Wasana basa
  - C. Paprenahan
  - D. Titi mangsa
8. Kang dadi aran wujud layang resmi, yaiku ....
  - A. Layang dhawuh
  - B. Layang ulem
  - C. Layang kitir
  - D. Layang lelayu
9. Basa sing dienggo panulisane layang resmi, yaiku ....
  - A. basa sing angel dingerteni
  - B. basa miturut pranatan sing lumaku
  - C. basa ngoko lugu menyang kanca

- D. basa ngoko lugu sing gampang
10. Perangane layang kang mratelakake isine layang utawa kang dadi wigatining layang, diarani ....
- |                |                |
|----------------|----------------|
| A. Wasana basa | C. Paprenahan  |
| B. Titi mangsa | D. Surasa basa |

**NILAI :**

**B. UMPAN BALIK DAN TINDAK LANJUT**

Siswa telah mengerjakan tes akhir modul untuk mengukur kemampuan dalam mempelajari keseluruhan isi modul. Cocokkanlah jawaban tesmu dengan kunci jawaban yang tersedia. Jika jawaban siswa yang benar mencapai 80 %, **BAGUS**, siswa telah berhasil memiliki penguasaan yang baik dalam mempelajari isi modul.

**C. KUNCI JAWABAN**

Kunci jawaban Latihan soal Layang

1. A
2. A
3. C
4. D
5. C
6. A
7. C
8. A
9. B
10. D

## DAFTAR PUSTAKA

1. Lebda Basa Jawa, Intan Parwara, edisi 2005
2. Gladhi Tuttur Tinular, Suwardono, Spd, edisi tahun 2004
3. Pedoman Belajar Basa Jawa, MGMP kota Malang
4. Nyerat Jawi, Wardono, BA – S. Pemet Subagyo, BA
5. Buku Latihan Siswa Basa Jawa, MGMP kota Malang
6. Kawruh Basa Jawa, Daryanto SS, 1999
7. Mahabarata, Balai Pustaka
8. Bausastra
9. Modul Pembelajaran Bahasa Jawa, Fakultas Sastra UM, 2006
10. Basa Jawa Kagem Siswa- Siswi tingkat SMP, MGMP kota Malang
11. LKS Basa Jawa SMP kelas VIII, MGMP kota Malang
12. Bahan Ajar Basa Jawa kanggo siswa- siswi SMP/MTs kelas VIII, MGMP kota Malang
13. Widya Basa Jawa Piwulang Basa Jawa Muatan Lokal Wajib Jawa Timur, Tresno Sukendro dan Sukarman, Penerbit Erlangga, 2015
14. Lantip Basa Jawa kanggo SMP/MTs Kelas VIII, Dhita puspitasari Sukendro Dan Triana Wahyu Susanti, Penerbit Duta, 2015
15. LKS Basa Jawa Kelas VIII Semester Ganjil, MGMP Bahasa Daerah Kota Malang

## **GLOSARIUM**

1. Layang : Surat
2. Titi mangsa : Tanggal
3. Surasa Basa : Isi
4. Paprenah : Pengirim surat
5. Tapak Asma : Tanda Tangan
6. Asma Terang : Nama Terang
7. Adangiyah : Sing kirim surat
8. Pawarta : Kabar
9. Wilujeng : Sehat, Bagus waras
10. Wasana : Akhir, Pungkasan